

**Building Background knowledge: KWL** - Elicit background knowledge about the first period In Haitian History. Find out what they remember about C. Columbus, Vertieres, Jean Jacques Dessalines and Toussaint Louverture.



### **Drapo Repiblik D’Ayiti otè a: Yolande Pierre**

**Drapo ble ak wouj Repiblik d’Ayiti a te kreye le 18 me 1803. Drapo a se senbòl libète . Pèp ayisyen te bezwen pwòp drapo yo, apre yo genyen viktwa sou blan franse. Se jeneral Jan Jak Desalin ki te rache bann blan nan mitan drapo blan franse a. Epi, nègès vanyan, Katrin Flon te koud ble ak wouj la ansanm.**

**Drapo ble e wouj la te flote sou Repiblik D’Ayiti premye fwa, le premye janvyè 1804. Se jou sa a pèp ayisyen te selebre premye endepandans yo. Nan mitan drapo a, gen yon pye palmis ki antoure de zam libète yo. Sou tèt palmis la gen yon bone jon. Genyen tou twa tipye palmis ak yon ti banyè nan chak bò palmis la. Anba nèt, gen yon gwo banyè avèk ekrito: “L’union Fait La force”, ki vle di: “nan inite nou jwenn plis fòs” oswa tankou pwovèb kreyòl la di;” Men anpil chaj la lou”.**

**Tankou nan tout lòt peyi, Drapo se senbòl fyète ak libète. Zansèt nou yo te vèsè anpil san pou bannou yon drapo.**

### **Konpreyansyon: ann reflechi**

- 1. Kilè drapo Ayisyen an te kreye?**
- 2. Ki koulè premye drapo endepandans la te ye?**
- 3. Kisa drapo a reprezante?**
- 4. Kilès ki te koud premye drapo ayisyen an?**
- 5. Kisa w jwenn nan mitan drapo Ayisyen an?**
- 6. Poukisa ou kwè zansèt yo te mete tout lòt senbòl sa yo nan mitan drapo a?**

## 7. Eske w fyè ou se yon Ayisyen oswa pitit yon Ayisyen? Poukisa?

To be read in week 36

**Building Background knowledge: KWL** - Elicit background knowledge about the slaves fight for freedom. Find out what they remember about Vertières, Jean Jacques Dessalines, Capois La Mort and Toussaint Louverture.

Locate picture of the Citadelle and Palais Sans Souci on the Web. [WWW.Discoverhaiti.com](http://WWW.Discoverhaiti.com)

### Libète ou Lanmò

“Libète ou Lanmò!” Viv lib oswa mouri se son tout moun sou tèritwa nasyonal la te kriye le premye janvyè 1804. Pèp ayisyen an te vle bliye tout sak te pase lè yo te esklav. Yo te pare pou koumanse viv lib. Yo t ap panse kisa yo ka fè si fransè yo ta retounen. Ansyen jeneral Jan Jak Desalin deside nonmen tèt li “Gouvènè pou lavi” nan peyi d’Ayiti. Pou defann peyi a anka fransè yo ta retounen, Desalin bay lòd pou bati plizyè fòtrès sou tèt mòn yo. Jeneral Anri Kristòf te responsab pou bati de pi gwo fòtrès an Ayiti: La Citadelle Laferrière, ki te klase kòm uityèm mèyè dimond ak Palais Sans Souci, oswa palè 365 pòt. Tou de fòtrès sa yo te bati nan Nò peyi a.

### Konpreyansyon: Ann Reflechi

1. Kijan esklav yo te montre kontantman yo lè yo tap fete endepandans yo?
2. Ki rezon k fè yo te pati fòtrès nan peyi ya?
3. Ki de fòtrès ki pi fame an n Ayiti? Poukisa?
4. Kilès ki t e premye chèf an Ayiti? Ki grad li te genyen?
5. Ki gwo jòb jeneral Anri Kristòf te genyen?
6. Eske ou panse esklav yo te fyè aprè endepandans? Poukisa?